**Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2023-жыл 27-ноябрьдеги «Қоррупцияға қарсы гүресиў тараўын жәнеде жеделлестириў ҳәмде мәмлекет уйымлары ҳәм шөлкемлериниң жумысларын жәмийетлик қадағалаўын әмелге асырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПФ-200-санлы Пәрманының орынланыўы бойынша**

# МАҒЛЫЎМАТ

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2023-жыл 27-ноябрьдеги «Қоррупцияға қарсы гүресиў тараўын жәнеде жеделлестириў ҳәмде мәмлекет уйымлары ҳәм шөлкемлериниң жумысларын жәмийетлик қадағалаўын әмелге асырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПФ-200-санлы Пәрманының, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси баслығының 2024-жыл 26-январдағы 01-12/03-20-санлы ис-режесиниң «Қоррупцияға қарсы гүресиўде пуқаралық жәмийети институтлары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм ғалаба хабар қуралларының ролин асырыў» бағдарының орынланыўын тәмийнлеў мақсетинде, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды тәрепинен мәмлекетлик грант ажыратыў бойынша 1-таңлаўының биринши бағдары, “Коррупцияға қарсы гүресиўдиң заманагөй усылларынан пайдаланыў арқалы коррупцияның алдын алыўға көмеклесиў” бағдарыда жәрияланды.

Жәрияланған таңлаўға келип түскен жойбарлар, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жананындағы жәмийетлик комиссиясының 2024-жыл 29-март күнги мәжилисинде қарап шығылып, жәмийетлик комиссиясының 2-санлы қарарына муўапық “Жайхун илхомлари мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкеми”ниң “Дәмегойлик дәуир дәрти” атамасындағы жойбары жеңимпаз деп табылды.

Жойбарды әмелге асырыў даўамында, Қарақалпақ мәмлекетлик жас тамашагөйлар театрында “Дәмегойлик дәуир дәрти” атлы спектаклдың премъераси болып өтти. Премъерада Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғи Кенгеси, Мәдeният министрлиги жуўапкерлери, грант жойбарының атқарыўшылары ҳәм де кең жәмийетшилик ўәкиллери қатнасты. мәмлекетлик шөлкемлери хызметкерлери ҳәм кең жәмийетшилик ушын 5 ай даўамында 8 мәрте көрсетиў, сол арқалы халық санасында коррупцияға қарсы гүресиў сезимин қәлиплестириўге үлес қосыў режелестирилген. Жойбар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы жәмийетлик фондының қоллап-қуўатлаўында әмелге асырылмақта.

Жоқарыда белгилеп алынған режеге муўапық “Қоррупцияға қарсы гүресиўде пуқаралық жәмийети институтлары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм ғалаба хабар қуралларының ролин асырыў” бойынша алдағы ўақытларда да мәмлекетлик грантлар ажыратыў бойынша бағдарлар жәрияланып барылатуғынлығын билдиремиз.